

Yon Gid pou Travayè yo nan Massachusetts: Sa Ou Dwe Konnen pou Patisipe nan Workshare



WorkShare: Yon Pwogram Kote Travayè ak Anplwayè Massachusetts Yo Soti Ganyan.

Objektif Pwogram Workshare Massachusetts la se prezève travay travayè Commonwealth yo lè sa nesesè pou pèmèt anplwayè yo dwe redui salè yo. Worshare se yon pwogram ki fèt pou ede anplwayè yo ak travayè yo lè gen yon redikasyon tanporè nan vant oswa pwodiksyon.

Lè yon anplwayè patisipe nan Workshare, li pèmèt travayè yo:

- prezève travay yo,
- kontinye resevwa avantaj konpayi yo, epi
- itilize ak devlope konpetans yo.

Olye yon anplwayè revoke travayè yo, avèk WorkShare, anplwayè a redui sou orè travay yon kantite anplwaye. Pandan ke salè anplwaye yo redui avèk Workshare, yo genyen asirans sante ak lòt avantaj—e benefis asirans chomaj yo kouvri pasyèlman salè ki bese a.

Yon Apèsi sou WorkShare

Anba WorkShare, anplwaye yo resevwa yon pousantaj nan asirans chomaj yo ki egal ak pousantaj rediksyon nan salè yo ak nan orè travay yo. Tout travayè nan deputman an oswa deputman yo ke anplwayè a defini yo dwe patisipe egal ego nan rediksyon orè travay pou chak semèn nòmal yo.

Rediksyon nan orè travay yo kapab varye ant 10 pousan a 60 pousan.

Anplwaye yo dwe travay nan yon gwoup ki defini byen klè. Gwoup la kapab tout konpayi a, yon etablisman, deputman, yon orè travay, fonksyon travay oswa yon lòt deputman ki defini ak pou pi pitit de anplwaye.

Men yon egzanp:

Anplwayè ou dwe redui 20 pousan nan salè yo.

Anba WorkShare, anplwayè w la ap redui orè travay anplwaye yo a 20 pousan – petèt l ap yon orè travay 4 jou pa semèn – olye yo revoke 20 pousan anplwaye yo.

Anplwaye ki afekte yo resevwa 20 pousan nan benefis asirans chomaj nòmal yo, sa ka kouvri yon gwo pati nan revni ke yo pèdi a.

Travayè yo kontinye resevwa salè nòmal yo pou kantite tan yo travay la anplis de benefis Workshare yo a.



MASSACHUSETTS DEPARTMENT OF
UNEMPLOYMENT ASSISTANCE



WorkShare: Ki Moun ki Kalifye pou Patisipe

Tout anplwayè Massachusetts yo kalifye pou patisipe nan Pwogram Workshare a. Sa gen ladan gwo antrepriz avèk plizyè santèn anplwaye yo ak biznis ki gen sèlman de anplwaye yo, antite ki pap chache fè pwofi ak sa k ap chache fè pwofi yo, e menm antite gouvènmental yo.

Nenpòt travayè ki ta kalifye pou resevwa benefis asirans chomaj nòmal kalifye pou patisipe nan Pwogram WorkShare a.

Adisyone Benefis WorkShare Ou yo

1. Nan travay la

- W ap resevwa salè ou ki egal ak kantite èdtan ou fè travay chak semèn.
- Si ou travay 80 pousan nan orè nòmal ou yo, w ap resevwa 80 pousan nan salè nòmal ou.
- W ap resevwa avantaj asirans sante nòmal ou yo.
- Si gen chanjman nan lòt kalite avantaj sosyal ou, yo pral eslike w yo.

Pou w ka kalifye pou benefis Workshare yo, ou dwe travay epi touche pou tout èdtan ke anplwayè w la te mete nan plan Workshare a.

Pa egzanp, plan anplwayè w la gendwa se pou tout anplwaye yo travay 32 èdtan pa semèn, olye yo travay 40 èdtan.

Si ou te manke yon pati nan yon semèn, ki fè w travay mwens pase 32 èdtan – ak konje maladi, konje vakans oswa lòt kalite konje ki pa kouvrir tan sa; ou gendwa pa kalifye pou benefis Workshare yo pandan semèn sa. Pa egzanp, si ou an reta nan travay ou pandan dezèdtan epi ou pa touche pou dezèdtan sa yo, ou pap resevwa benefis Workshare pou semèn sa.

Anplwayè w la dwe pwogramme tout moun nan pati afekte a pou menm kantite orè travay la. Si yon moun nan pati a pwogramme pou travay oswa li travay plis pase kantite èdtan ki ekri nan plan an, tout pati a gendwa pa kalifye ankò pou resevwa benefis pandan semèn sa.

2. Benefis Asirans Chomaj WorkShare

Benefis WorkShare yo baze sou benefis asirans chomaj nòmal yo.

Premye semèn reklamasyon ou kalifye pou resevwa benefis pou li a se "periyòd datant" ou. Lwa Massachusetts egzije periyòd datant sa a e ou pap resevwa lajan benefis la pou semèn sa. Genyen plizyè etap yo itilize pou detèmine benefis Workshare w yo.

Tarif Benefis Asirans Chomaj Ou an

Anba WorkShare, ou pral depoze yon reklamasyon pou asirans chomaj.

- Depatman Asistans Chomaj (DUA) pral detèmine tarif benefis Asirans Chomaj (UI) ou a. Sa se kantite benefis w ap resevwa si toutfwa ou pa ta ap travay ditou.
- Pou fè sa, DUA pral bezwen enfòmasyon sou revni ou pandan 15 mwa anvan ou depoze reklamasyon ou an.
- Revni pou de trimès ki pi wo yo pral adisyone epi divize pa 26 (kantite semèn nan de trimès) pou detèmine salè mwayer chak semèn ou an.
- Tarif benefis UI ou a egal ak mwatye semèn chak semèn ou an. Sepandan, tarif benefis ou an pa ka depase nivo maksimòm lalwa mete a. Nivo tarif maksimòm benefis aktyèl la se \$1051 pa semèn.

Si ou pa kalifye pou resevwa benefis asirans chomaj nan Massachusetts, ou pap kalifye pou resevwa benefis WorkShare. Ou gendwa pa kalifye pou benefis asirans chomaj paske ou pa t fè ase lajan pou fè yon reklamasyon oswa ou gen reklamasyon asirans chomaj ki aktif nan yon lòt eta.

Tarif Benefis WorkShare

Tarif benefis asirans chomaj sèvi pou detèmine benefis WorkShare ou a.

- Tarif benefis WorkShare ou a kalkile avèk menm pousantaj nan rediksyon orè travay ou a.
- Si orè travay ou a redui a 20 pousan, donk benefis Workshare ou a se 20 pousan tarif benefis asirans chomaj ou a.

Men yon egzanp:

Travayè A travay 40 èdtan regilyèman pa semèn. Anplwayè li ap redui 20 pousan nan orè travay li a. Salè mwayer chak semèn li se te \$500.

Tarif benefis Asirans Chomaj (UI) ou a: \$250 pa semèn

Benefis WorkShare (20 pousan tarif benefis UI a): \$50 pa semèn

Travayè A resevwa 80 pousan salè nòmal li, plis \$50 pa semèn nan benefis WorkShare yo



Ajoute Alokasyon Depandans

Si w genyen timoun ki sou responsabilite w, ou kapab kalifye tou pou alokasyon depandans, ki se \$25 pou chak timoun chak semèn anba benefis chomaj konplè yo. Kantite alokasyon depandans ou kapab resevwa a egal tou ak pousantaj rediksyon nan salè chak semèn ou.

Ou gendwa kalifye pou alokasyon depandans si ou se sipò prensipal pou nenpòt moun depandan ki:

- Poko gen laj 18 tan;
- Poko gen laj 24 tran e ki se yon etidyan aplentan nan yon enstitisyon edikatif;
- Gen plis ke 18 tan e ki andikape akoz yon andikap mental oswa andikap fizik.

Men yon egzanp:

Travayè B travay tou 40 èdtan pa semèn, avèk yon rediksyon 20 poustan nan nan lè yo. Salè mwayan chak semèn li se te \$500 tou. Travayè B genyen de timoun, laj 3 zan e 6 zan.

Tarif benefis Asirans Chomaj (UI): \$250 pa semèn

Alokasyon depandans pou de timoun: + \$50 pa semèn

Total benefis UI: = \$300 pa semèn

Benefis WorkShare (20 poustan tarif benefis UI): +\$60 pa semèn

Travayè B resevwa 80 poustan salè nòmal li, plis \$60 pa semèn nan benefis WorkShare yo.

Fason WorkShare Afekte Benefis UI Yo

Yonfwa yon reklamasyon asirans chomaj etabli, gen yon "kredi benefis" ki kalkile. Kredi benefis la se kantite benefis total li posib pou kalifye pou resevwa pandan ane benefis ou a— "dire egzistans" 52 semèn yon reklamasyon.

Chak reklamasyon gen yon "dire benefis." Se kantite semèn maksimòm ou kalifye pou resevwa benefis asirans chomaj konplè.

Men yon egzanp:

Si yon moun te gen yon kredi benefis ki egal a \$7,500 ak yon tarif benefis UI regilye ki se \$250, benefis chomaj konplè a kapab peye pandan 30 semèn.

Lè w resevwa benefis Workshare yo, men, kredi benefis ou an sèlman redui nan kantite pèman Workshare aktyèl ou a. (pa gen ladan alokasyon depandans lan).

Piske benefis WorkShare ou yo mwens pase kantite benefis Asirans Chomaj nòmal ou a t ap ye a, kantite semèn li posib pou resevwa a depase kantite semèn nòmal pou reklamasyon chomaj ou a.

Men yon egzanp:

Anba Pwogram WorkShare a, travayè yo resevwa yon pòsyon nan benefis chomaj yo ki egal ak rediksyon nan orè travay yo. Si redikyon nan orè travay la se 40 poustan, benefis Workshare yo se 40 poustan tarif benefis Asirans Chomaj la.

Si tarif benefis Asirans Chomaj la se te \$250, pèman WorkShare a t ap \$100. Sa vle di li posib pou benefis chomaj yo dire plis pase 30 semèn.

Nan egzanp sa a, si plan an se te pou 20 semèn, yon patisipan Workshare t ap gen pou resevwa \$2000 nan \$7500 ki disponib pou benefis asirans chomaj yo. Sa vle di \$5500 rete nan reklamasyon asirans chomaj la. Lajan sa a t ap disponib pandan 22 semèn ki rete pandan dire reklamasyon an, si travayè a pa ta travay ditou.

Selon lalwa, dire maksimòm yon reklamasyon asirans chomaj se 52 semèn. Nenpòt benefis ki rete apre 52 semèn yo pap disponib ankò.

Ou Ta Dwe Konnen Tou

Ou bezwen konnen tou lòt karakteristik pwogram asirans chomaj la genyen.

Si ou travay amitan pou yon lòt anplwayè

Si ou genyen yon dezyèm travay, w ap toujou bezwen ranpli yon fòmilè pou rapòte revni amitan ou yo. Anplwayè Workshare ou a ap genyen fòmilè sa yo. Yonfwa fòmilè sa a ranpli, ou dwe remèt li bay Anplwayè Workshare ou a pou yo ka itilize revni w fè nan dezyèm travay la pou fè ajisteman nesesè yo nan benefis Workshare ou yo.

Nenpòt salè ou touche nan dezyèm travay la ki depase \$246 pa semèn pral redui dola pou dola nan benefis Workshare ou yo.



MASSACHUSETTS DEPARTMENT OF
UNEMPLOYMENT ASSISTANCE

WorkShare
mass.gov/workshare
Form 2141 Rev. 10-06-24

Men yon egzanp:

Travayè A gen yon travay amitan ki peye \$140 pa semèn. Travayè A t ap gen yon rediksyon nan \$50 pa semèn li a nan benefis Workshare yo.

Travayè A resevwa 80 poustan nan salè nòmal li, revni amitan \$140 pa semèn li, plis \$50 pa semèn nan benefis Workshare yo.

Travayè B gen yon travay amitan tou. Travay li peye \$250 pa semèn. Travayè B t ap gen yon rediksyon nan benefis Workshare li yo.

Tarif benefis Asirans Chomaj (UI): \$250 pa semèn

Alokasyon depandans pou de timoun: + \$50 pa semèn

Total benefis UI: = \$300pa semèn

Benefis WorkShare (20 poustan tarif benefis UI): \$60 pa semèn

Kantite revni amitan ki anplis apre \$246 -\$4 pa semèn

Travayè B resevwa 80 poustan salè nòmal li, revni amitan \$250 pa semèn, plis \$56 pa semèn nan benefis WorkShare yo.

Benefis Asirans Chomaj yo gen taks pou peye sou yo

Benefis WorkShare ou yo pa pral takse lè w resevwa yo, men w ap bezwen rapòte benefis Workshare ou yo lè w ap fè deklarasyon enpo sou revni ou. Ou pral resevwa yon Fòmilè 1099G pa lapòs pandan mwa Janvye k ap di w kantite total ou te resevwa nan benefis yo pandan ane anvan an. Mete kantite lajan sa a nan taks revni federal ak eta ou a.

Pèman Depase Anvan pou Asirans Chomaj

Si ou te resevwa benefis asirans chomaj ke w pa t gen dwa resevwa epi ou pa t chwazi repeye DUA benefis sa yo, y ap pran benefis Workshare a pou rekipere lajan yo te peye anplis yo jiskaske tout balans lan fin peye.

Sa Anplwayè W La Bezwen Fè

Anplwayè w la pral soumèt yon plan bay Depatman Asistans Chomaj (DUA) la sou entènèt. Nan espas 15 jou ouvrab, DUA pral fè anplwayè w la konnen si plan an apwouve. Si li pa apwouve, anplwayè w la gendwa soumèt yon lòt plan. Pi ba a gen enfòmasyon ke anplwayè w la dwe bay DUA.

Anplwayè w la dwe:

- Presize depatman an oswa depatman yo k ap patisipe nan Workshare. Anplwayesa yo dwe travay nan yon gwoup ki defini byen klè. Gwoup la kapab tout konpayi a, yon etablisman, depatman, yon orè travay, fonksyon travay oswa yon lòt depatman ki defini ak pou pi piti de anplwaye.
- Sètifye ke se rediksyon nan orè travay la olye se revokasyon epi bay rezon pou dire rediksyon travay ki prevwa a.
- Deside alavans dire plan Workshare a. Li kapab varye ant youn a 52 semèn. Dat kòmansman ak finisman an dwe presize byen klè. Paske benefis Asirans Chomaj yo peye pou semèn ki kòmanse jou Dimanche ki fini jou Samdi yo, plan an dwe genyen yon Dimanche kòm dat kòmansman ak yon Samdi kòm dat finisman.
- Identifiye anplwaye nan depatman afekte yo ak non yo, nimewo sekirite sosyal, orè travay chak semèn nòmal, ak rediksyon nan orè travay ki pwopoze a. Tout anplwaye nan depatman afekte a dwe nan Plan Workshare a epi yo tout dwe gen menm rediksyon an nan orè travay yo.
- Aplike plan an sèlman pou anplwaye aplantan oswa anplwaye amitan pèmanan yo. Anplwaye tanporè yo pa ka patisipe nan Workshare.
- Jwenn akò sendika a sou plan an, si travayè yo gen kouvèti yon negosyasyon kolektif. Lè aplikason èd Workshare a depoze, y ap bezwen siyati responsab sendika konsène yo.
- Asire l ke rediksyon nan orè travay chak semèn yo pataje egal ego pam travayè ki nan depatman an oswa depatman yo ki byen defini. Rediksyon nan orè travay la kapab varye ant 10 poustan a 60 poustan.
- Kontinye ofri menm benefis asirans sante pou anplwaye afekte nan depatman yo. Sa vle di benefis asirans sante yo pa ka chanje paske yo redui sou orè travay yo.
- Kontinye ofri benefis retrèt (anba plan benefis panson jan sa defini nan Seksyon 3 (35) Lwa 1974 sou Sekirite sou Revni Retrèt Anplwaye yo) pou nenpòt anplwaye k ap patisipe nan Workshare. Nenpòt chanjman nan benefis retrèt yo dwe gen esplikasyon pou sa.
- Dakò pou bay tout rapò ak enfòmasyon nesesè pou administrasyon plan an, epi pèmèt DUA aksede tout dosye ki nesesè pou verifye ak evalye plan an.
- Toujou ajou ak kontribisyon chomaj yo, pèman nan plas kontribisyon yo, enterè oswa penalite ki dwe peye bay Depatman Asistans Chomaj la.

Enfòmasyon sou Workshare disponib sou sitwèb Depatman Asistans Chomaj la nan mass.gov/workshare.

Si ou genyen kesyon sou Pwogram Workshare a, tanpri kontakte Depatman Chomaj Workshare a nan (617) 626-5521.



**MASSACHUSETTS DEPARTMENT OF
UNEMPLOYMENT ASSISTANCE**

WorkShare
mass.gov/workshare
Form 2141 Rev. 10-06-24